

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

Panalungtikan mangrupa léngkah-léngkah nu dipaké ku panalungtik pikeun nyangking informasi jeung ngalaksanakeun pengkajian kana data nu geus dikumpulkeun. Metodologi dina panalungtikan kabagi jadi tilu bagian, di antarana métode panalungtikan kuantitatif, kualitatif, jeung campuran (Fatria, 2021, kc. 30).


Métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta metode kualitatif. Ieu métode mangrupa métode-métode pikeun maham makna nu nurutkeun sababaraha individu atawa kelompok dianggap asalna tina masalah sosial jeung kamanusaan (Cresswell, 2016, kc. 4). Métode kualitatif ngabutuhkeun pamahaman makna-makna kana objek nu ditalungtik, ku kituna salah sahiji léngkah pikeun maluruhna nyaéta ku panalungtikan déskriptif analitik. Panalungtikan déskriptif nyaéta panalungtikan anu dimaksudkeun pikeun maluruh kaayaan, hiji kondisi, atawa hal séjén (Arikunto, 2010, kc. 3).

Métode déskriptif analitik dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngadéskripsikeun struktural jeung ajén-ajén karakter atikan dina buku kumpulan carita pondok *Kembang-Kembang nu Mangkak*.

#### **3.1 Désain Panalungtikan**

Désain panalungtikan mangrupa tahapan panalungtikan atawa prosedur dina rarancang panalungtikanna. Sakabéh prosés anu diperlukeun dina kagiatan panalungtikan ku cara ngumpulkeun data jeung nganalisis data. Dina ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif. Métode déskriptif miboga udagan pikeun anu aktual maké cara ngumpulkeun data, nyusun bagian-bagian, nganalisis jeung napsirkeun data (Gumilar, 2015, kc. 66).


Panalungtikan anu digunakeun nyaéta panalungtikan kualitatif. Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta analisis data nu miboga udagan pikeun néangan jeung nangtukeun struktur carita pondok (tema, fakta carita, sarana carita), jeung ajén-ajén karakter atikan dina kumpulan carita pondok *Kembang-Kembang nu Mangkak*.



Bagan 3.1 Desain Panalungtikan

### 3.2 Téhnik Ngumpulkeun data

Sumber data dina panalungtikan mangrupa subjék data nu dicangking (Arikunto, 2013, kc. 172). Data dina ieu panalungtikan nyaéta kumpulan carita pondok *Kembang-Kembang nu Mangkak*.



Judul Buku : Kembang-Kembang Nu Mangkak  
 Editor : Agus Suherman jeung Dingding Haerudin  
 Pamedal : Departemenn Pendidikan Bahasa Daerah  
 Fakultas Pendidikan Bahasa dan Sastra  
 Universitas Pendidikan Indonesia  
 Taun Medal : Citakan ka-1 Oktober, 2016

Kandelna : 111 kaca

### 3.3 Téhnik Ngolah Data

Dina ngolah data panalungtikan ngagunakeun Téhnik déskriptif analitik, ku cara ngagunakeun téhnik talaah pustaka, jeung studi dokumentasi (Isnendes, 2010a, kc. 102). Ieu téhnik udaganna pikeun néangan jeung nangtukeun struktur struktur carita pondok (tema, fakta carita, sarana carita), jeung ajén-ajén karakter atikan dina buku *Kembang-Kembang nu Mangkak* (kumpulan carita pondok) karya para alumni Departemén Pendidikan Bahasa Sunda. Dina ieu panalungtikan ogé anu dianalisis nyaéta ajén-ajén karakter atikan nu nyangkaruk di jerona.

### 3.4 Data jeung Sumber Data

#### 3.4.1 Data

Data nyaéta sagala rupa nu nyadiakeun ayana struktural carita pondok nu ngawengku tema, (galur, palaku/watek, jeung latar), jeung sarana carita (judul, peuseur sawangan, gaya basa, simbolis, jeung ironi). Salian ti pedaran struktural, panalungtik ogé maluruh ulikan ajén-ajén atikan karakter nu nyangkaruk dina hiji karya.

Nurutkeun Sugiyono (2019, kc. 126) data nyaéta wilayah generalisasi objék anu miboga kualitas jeung karakteristik nu tangtu. Ilaharna, ditetepkeun ku panalungtik nu satuluyna dipaluruh sarta dijieun kacindekan. Dumasar tina éta wangenan, anu dijadikeun data dina ieu panalungtikan nyaéta struktural jeung ajén-

ajén karakter atikan dina buku kumpulan carita pondok *Kembang-Kembang nu Mangkak*.

### 3.4.2 Sumber Data Panalungtikan

Nurutkeun Sugiyono (2019, kc. 127) sumber data nyaéta bagian tina jumlah anu dipiboga ku populasina sorangan. Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta sagala rupa réferénsi boh buku, jurnal, anu aya patalina jeung panalungtikan. Sumber data anu utama nyaéta buku *Kembang-Kembang nu Mangkak* (Kumpulan Carita Pondok) karya para alumni Departemén Pendidikan Bahasa Sunda.

Sampel data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta probability sampling. Probability sampling anu dipaké panalungtik nyaéta milih sampel sacara acak (simple random sampling). Anu jadi sampel dina ieu panalungtikan nyaéta panalungtikan nyaéta sababaraha judul carita pondok dina buku kumpulan carita pondok *Kembang-Kembang nu Mangkak*. anu diwincik dumasar kana téma caritana. Dina ieu kumpulan carita pondok téh mibanda sababaraha téma anu ngawengku dina ieu buku di antarana, sosobatan, sosial, ekonomi, asmara, leungitna moral kahirupan, realita kahirupan, horor.

### 3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén mangrupa alat atawa fasilitas anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data, ngolah, jeung ngainterprétasi sagala informasi anu ditarima. Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta.

### 3.5.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

#### 1) Kartu Data Ngumpulkeun

Tabél 3.1  
Struktur (Téma)

No	Téma	Cutatan Carita	Kode Data C/KU/KC
1.	Miskomunikasi antara babaturan nu nyaritakeun masalah jeung bobogohna, ngarasa méré saran nu salah lantaran teu apal carita nu sabenerna.	<p>“Bareng muka folder recovery-na, eusi MMC téh lain ngan potonikahan si Tétéh hungkul, tapi aya data pribadi si Roni: potonikahan jeung kabogohna. Masa Alloh, kuring teu nyangka, teu téga ningali potonikahan. Teuing aya sabaraha puluh, atawa boa aya leuwih kana saratus potonikahan. Potonikahan kabéh di kosan si Roni. Astagfirulloh”</p> <p>“Wi, hampura, kuring teu apal masalah manéh téh nepi ka kiruna. Hampura kuring geus nitah anjeun mertahankeun hubungan jeung si Roni”.</p>	<p>01/KU1/4</p> <p>01/KU1/5</p>

Keterangan:

C : Judul Carita

KU : Kode Urutan Data

KC : Kaca

Tabél 3.2  
Struktur (Galur)

No	Galur	Cutatan Carita	Kode Data (C/KU/KC)
1.	Campuran	<p>“<i>H+1 kuring hudang</i>, bérés ti cai langsung solat. Bérés solat langsung ka dapur. Ninyuh Kopi”</p> <p>“<i>Sakali waktu mah panggihna gé lain rék nanaon, harita téh kuring nyumponan paménta Dewi. Manéhna hayang curhat. Curhat ngeunaan masalah antara manéhna jeung Roni</i>”</p>	<p>(01/KU2/2)</p> <p>(01/KU2/4)</p>

Keterangan:

C : Judul Carita

KU : Kode Urutan Data

KC : Kaca

Tabél 3.3  
Struktur (Palaku)

No	Ngaran Palaku	Tingkat Pentingna Palaku		Fungsi Penampulan Palaku		Dumasar Jenis	
		Utama	tambahan	antagonis	protagonis	buleud	datar
1.	Kuring	√			√	√	
2.	Dewi		√		√		√
3.	Roni		√		√		√
4.	Ibu		√		√		√
5.	Tétéh		√		√		√
6.	Mamah Omi		√		√		√
7.	Uwa		√		√		√
8.	Pa Isak		√		√		√
9.	Bu RT		√		√		√
10.	Pa Naib		√		√		√
11.	Nini		√		√		√

Tabél 3.4  
Struktur (Watek)

No	Ngaran Palaku	Watek	Kode Data (KU/KC)	Cutatan Carita	Kaca
1.	Kuring	daékan	KU3/1	“Sedengkeun kuring dipercaya jadi tukang moto.”	1
2.	Dewi	pasrahan	KU3/5	“Hmmm. Lebar nya... pami aya masalah nu beurat pisan mah kumaha di? Dewi nanya deui”	5
3.	Roni	bageur	KU3/1	“Ti sababaraha balad nu dihubung, Roni nu pangheulana siap méré nginjeum.”	1
4.	Ibu	sopan	KU3/1	“Nu kabandingan mah si Ibu keur Badami jeung Pa Naib.”	1
5.	Tétéh	sederhana	KU3/1	“Saminggu deui si Tétéh nikah. Rencana mah acara pernikahan téh moal	1

Siti Amellia Riyadi, 2021

*AJÉN ATIKAN KARAKTER DINA KUMPULAN CARITA PONDOK KEMBANG-KEMBANG NU MANGKAK (ULIKAN STRUKTURAL)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

No	Ngaran Palaku	Watek	Kode Data (KU/KC)	Cutatan Carita	Kaca
				méwah-méwah, cukup ku akad nikah, résépsi.”	
6.	Mamah Omi	bageur	KU3/1	“Mamah Omi tukang rias téa, salian ti ngarias si Tetéh téh ngabonusan ku ngondisikeun acara adatna sagala.”	1
7.	Uwa	bageur	KU3/1	“Nu masakna ogé rék ku si Uwa jeung dulur-dulur wungkul.”	1
8.	Pa Isak	kolot	KU3/1	“Bubuka, ceramah, jeung maca qur’an dipercayakeun ka Pa Isak, Ustad di Lembur kuring.”	1
9.	Bu RT	bageur	KU3/1	“MC dipercayakeun ka Bu RT.”	1
10.	Pa Naib	bageur	KU3/1	“Nu kabandingan mah si Ibu keur Badami jeung Pa Naib.”	1
11.	Nini	bageur	KU3/2	“Nini nu sibuk ngabagi parasmanan nu nyésa.”	2

Keterangan:

KU : Kode Urutan Data

KC : Kaca

Tabél 3.5  
Struktur (Latar)

No	Latar	Kode Data (C/KU/KC)	. Cutatan Carita
1.	Lapang badminton RT	(01/LT/KU4/1)	“Tempatna di llapang badminton RT.”
2.	Masjid Al-Mubarak	(01/LT/ KU4/1)	“Akad nikah Lumangsung di masjid Al-Mubarak.”
3.	Jam dalapan peuting	(01/LT/ KU4/2)	“Nepi ka jam dalapan peuting aya kénéh tamu nu datang, nu teu bisa datang ti beurang.”
4.	Sore	(01/LW/ KU4/4)	“Di, lamun Dewi gaduh pikiran kanggo putus ti Roni kumaha? Ceuk Dewi dina hiji sore di taman nu sepi”
5.	Taman	(01/LT/ KU4/4)	

Siti Amellia Riyadi, 2021

**AJÉN ATIKAN KARAKTER DINA KUMPULAN CARITA PONDOK KEMBANG-KEMBANG NU MANGKAK (ULIKAN STRUKTURAL)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

No	Latar	Kode Data (C/KU/KC)	. Cutatan Carita
			“Di, lamun Dewi gaduh pikiran kanggo putus ti Roni kumaha? Ceuk Dewi dina hiji sore di taman nu sepi”

Keterangan:

C : Judul Carita

L (LT/LW/LS) : Latar (Latar Tempat/Latar Waktu/Latar Sosial)

KU : Kode Urutan Data

KC : Kaca

Tabél 3.6  
Struktur (Judul)

No	Judul	Kode Data (C/KU/KC)	Cutatan Carita
1.	Récovery	(01/KU5/KC4)	“Lila-lila mah nngarecovery téh bérés. Bareng muka folder recovery-na, eusi MMC téh lain ngan poto nikahan si Tétéh hungkul, tapi aya sababaraha puluh, atawa boa aya leuwih kana saratus poto mah. Potona kabéh di kosan si Roni.”

Keterangan:

C : Judul Carita

KU : Kode Urutan Data

KC : Kaca

Tabél 3.7  
Struktur (Puseur Implengan)

No	Puseur Implengan	Kode Data (C/KU/KC)	Cutatan Carita
1.	Jalma kahiji palaku utama	(R/KU6/KC3)	“Aduh untung teu kana laptop siah! Ceuk kuring, kana kopi bahé.”

Keterangan:

C : Judul Carita

KU : Kode Urutan Data

KC : Kaca



Tabél 3.8  
Data Carita Pondok

No	Judul Carita Pondok	Editor	Pangarang	Kode Carita Pondok
1.	Recovery	Agus Suherman jeung Dingding Haerudin	Andi Gita Lesmana	01
2.	Lalakon Hujan	Agus Suherman jeung Dingding Haerudin	Arif Abdilah	02
3.	Kembang-Kembang nu Mangkak	Agus Suherman jeung Dingding Haerudin	Fitria Puji Lestari	03
4.	Ngaliwet	Agus Suherman jeung Dingding Haerudin	Iman Nurdin	04
5.	Hirup, Cikopi, jeung Udud	Agus Suherman jeung Dingding Haerudin	Ipung	05
6.	Cimata Panungtungan	Agus Suherman jeung Dingding Haerudin	Mimif Miftahul Huda	06
7.	Subali	Agus Suherman jeung Dingding Haerudin	Prayoga Adiwisastra	07
8.	Kutan Kitu	Agus Suherman jeung Dingding Haerudin	Tatang Zaelani	08
9.	Pamustungan	Agus Suherman jeung Dingding Haerudin	Yogi Yogaswara Y	09
10.	Insomnia	Agus Suherman jeung Dingding Haerudin	Yosef M. Ibrahim	10

Tabél 3.9  
Kartu Analisis Data Atikan Karakter dina Kumpulan Carita Pondok Kembang-Kembang nu Mangkak

No	Ajén Atikan	Paragraf ka-	Judul Carita Pondok	Cutatan Carita	Sipat Ajén Atikan	
					(+)	(-)
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)

### 3.5.2 Instrumén Ngolah Data

#### Kartu Data Analisis

<p>Kode Data: 01/KU1/2, 01/KU1/4</p> <p>Téma: Miskomunikasi antara babaturan nu nyaritakeun masalah jeung bobogohna, ngarasa méré saran nu salah lantaran teu apal carita nu sabenerna.</p> <p>Analisis: “Bareng muka folder recovery-na, eusi MMC téh lain ngan potonikahan si Tétéh hungkul, tapi aya data pribadi si Roni: potonikahan si Roni jeung kabogohna. Masa Alloh, kuring teu nyangka, teu téga ningali potonikahan. Teuing aya sabaraha puluh, atawa boa aya leuwih kana saratus potonikahan mah. Potonikahan kabéh di kosan si Roni. Astagfirulloh”</p> <p>“Wi, hampura, kuring teu apal masalah manéh téh nepi ka kiruna. Hampura kuring geus nitah anjeun mertahankeun hubungan jeung si Roni”.</p>
---

Gambar 3.1 Kartu Data Téma

<p>Kode Data: 01/KU2/2, 01/KU2/4</p> <p>Jenis Galur: Campuran</p> <p>Analisis: “<i>H+1 kuring hudang</i>, bérés ti cai langsung solat. Bérés solat langsung ka dapur. Ninyuh Kopi”</p> <p>“<i>Sakali waktu mah</i> pangguhna gé lain rék nanaon, harita téh kuring nyumponan paménta Dewi. Manéhna hayang curhat. Curhat ngeunaan masalah antara manéhna jeung Roni.”</p>
---

Gambar 3.2 Kartu Data Galur

<p>Kode data: 01/KU3/KC1</p> <p>Ngaran Palaku: Kuring</p> <p>Watek Palaku: Daékan</p>
---

Gambar 3.3 Kartu Data Palaku Carita

<p>Kode data: 01/LT/KU4/KC1</p> <p>Jenis Latar: Latar tempat (Lapang badminton)</p> <p>Analisis: “Tempatna di lapang badminton RT.”</p>
---

Gambar 3.4 Kartu Data Latar

<p>Kode Data: 01/KU5/KC4</p> <p>Judul: Recovery</p> <p>Analisis: “Lila-lila mah nngarecovery téh bérés. Bareng muka folder recovery-na, eusi MMC téh lain ngan poto nikahan si Tétéh hungkul, tapi aya sababaraha puluh, atawa boa aya leuwih kana saratus poto mah. Potona kabéh di kosan si Roni.”</p>
--

Gambar 3.5 Kartu Data Judul

<p>Kode Data: 01/KU6/KC3</p> <p>Puseur Implengan: Jalma kahiji palaku utama</p> <p>Analisis: “Aduh untung teu kana laptop siah! Ceuk kuring, kana kopi bahé.”</p>
---

Gambar 3.6 Kartu Data Puseur Implengan

### 3.6 Prosedur/Alur Panalungtikan

Ieu panalungtikan dimimitian ku ngaidéntifikasi masalah saperti nangtukeun kasang tukang, rumusan masalah, sarta métode panalungtikan anu dijadikeun bahan dina ieu panalungtikan. Sanggeus meunangkeun sababaraha masalah, tuluy ngumpulkeun data. Dina ieu panalungtikan téhnik anu dipaké nyaéta téhnik talaah pustaka. Sanggeus data ka kumpul tuluy dianalisis maké ulikan struktural carita pondok nu ngawengku téma, fakta carita, jeung sarana carita. Ulikan séjénna panalungtik maluruh ogé ajén-ajén karakter atikan.

Salian ti pedaran struktural, panalungtik ogé maluruh ulikan ajén-ajén karakter atikan nu nyangkaruk dina hiji karya. Sabada meunangkeun hasil panalungtikan jeung pedaran nu ngawengku struktural jeung ajén-ajén karakter atikan, satuluyna panalungtik bisa nyieun kacindekan. Tangtu kacindekanna diluyukeun kana rumusan masalah, udagan, jeung judul dina ieu panalungtikan.